

Muchinjikwa ndiwo Muzinda

Yakanga iri Chishanu mangwanani angangoita 9:00 ndipo payakatanga. Yaizopera na3:00 masikati iwayo. Ungaitei mumaawa matanhatu? Munyika yedu yemazuva ano, ine tekinoroji yepamusoro, unogona kutumira mae-mail pasi rese uye unogona kutenga mota wofamba makiromita mazana matatu kana kupfuura. Unogona kukwira ndege wobva kune rimwe divi renyika uchienda kune rimwe. Pane zvakanwanda zvaunogona kuita mumaawa matanhatu. Asi zuva iroro raive makore anopfuura 2,000 apfuura.

Vanhu vaiitei mumaawa matanhatu iwayo? Zvichida semamwe mazuva ese, murimi akasimuka ndokutanga kurima munda wake nekuti chaive chirimo uye chaive chive pedyo nenguva yekudyara. Mukadzi wepamba ndine chokwadi chekuti akamuka ndokutanga kubatikana nemabasa ake epamba ezuva nezuva. Mutengeswi akavhura chitoro chake, uye akaita basa rezuva rose kwemaawa matanhatu, achigadzirira Sabata uye vhiki yePaseka. Unogona kuita zvakanwanda mumaawa matanhatu. Asi zvese zvakaitewa muJerusalem mumaawa matanhatu iwayo, uye pamusoro pezvose zvakaitewa pasi rese mumazuva ese akabatanidzwa, zvakaiderera kana zvichienzaniswa nezvakaitewa pagomo rainzi, "Calvary." Murume airovererwa, murume akakosha kwazvo akarovererwa pamuchinjikwa weRoma. Wake waiva pane mumwe wemichinjiko mitatu yakavakwa zuva iroro, wepakati.

Mushanyi akauya kuJerusalem zuva iroro angangodaro akaona muchinjikwa, akadzungudza musoro wake ndokufunga kuti, "Oh, chimwe chezvurayi zvinosuruvarisa asi zvakanwanda nezvemuvezi wechidiki uyu asinganzwisike akaramba kukumbira kana kuchema kana kunyunyuta. Vakanga vasingazivi kuti uyu akazvipa pamuchinjikwa uyu aigona kunge ari chimwe chinhu kunze kwemuNazareta chete.

Asi zvimwe zvinhu zvisinganzwisike zvakatanga kuitika. Kutanga, kwaiva nerima, rima rakasviba kupfuura kuora kwezuvu. Denga raiva nerima rinotyisa, regehena. Zvakaita sekunge Mwari, Baba, vakanga vafuratira pasi, pamwe kutoburitsa misodzi. Ipapo kwakava nekudengenyeka kwenyika kwatinoudzwa nezvako naMateo. Ruzha rusinganzwisike kubva mudumbu chaimo rwenyika rwakakonzera kuti matombo atsemuke. Vasungwa veguva vakasunungurwa kubva muchando cherufu. Mishumo yakapararira kuJerusalem rese pamusoro pezvitunha zvakanwanda zvavigwa zvaifamba mumigwagwa; hapana mubvunzo kuti vadikanwi vakaona nekutaura navo.

Keteni, jira guru raiva mutemberi raiparadzanisa nzvimbo tsvene ne "Nzvimbo Tsvene Tsvene," raizobvaruka. Nzvimbo iyo kamwe chete pagore seMupristi Mukuru aitora ropa regwayana risina gwapa kuti arisase pachigaro chetsitsi kuti aite chiyananiso, chibayiro chevanhu vese. Keteni iroro raiva nemamita makumi mana pakureba uye rairema matani akati wandei. Asi mumaawa matanhatu iwayo, mumwe munhu, chimwe chinhu, akabvarura keteni guru kubva kumusoro kusvika pasi sekunge maoko maviri makuru akaribvarura. Sekunge Mwari mukuru wezvose ari kutaura, mupristi mukuru apinda muNzvimbo Tsvene Tsvene kekupedzisira, Zuva rekupedzisira reChiyananiso. Haazombofaniri kupinda imomo zvakare.

Ehe, uyu wakanga usiri musi weChishanu wemazuva ese. Jerusarema rakatorwa nepfungwa dzechakavanzika charaisanzwisisa. Vanhu vakatanga kushamisika pavakaona zvimwe zvinhu uye pavakanzwa zvimwe zvinhu. Zvingave here? Zvingave here? Kwete! Hazvigoneke. Murume weNazareta iyeye angave ari chimwe chinhu chisiri munhuwo zvake, chimwe chinhu chinopfuura muvezi aigara muNazareta, pamwe chimwe chinhu chinopfuura muporofita. Unogona kunzwa kufunga kwese kwenharaunda yese. Kutaura zvazviri, vaitaura nezvazvo kwemazuva mazhinji nemazuva.

Unoyeuka Pentekosti here? Unoyeuka here kuti vanhu zviuru zvitatu vakabhabhatidzwa sei pazuva rimwe chete? Wakambozvibunza here kuti vanhu zviuru zvitatu vakabhabhatidzwa sei pazuva rimwe chete? Kwakanga kusiri simba remharidzo imwe chete. Unoonza zvakaiteka muJerusarema zuva iroro ndizvo zvese zvaitaurwa nemunhu wese kwemavhiki manomwe. Zvinhu zvese izvozvo zvakanzwa zvairevei? Ipapo Petro pazuva iroro rePentekosti, akafuridzirwa neMweya, akarivhura. Akati, "Uyo aive Mwanakomana waMwari pamuchinjikwa." Ndosaka zvakaiteka.

Wakambomira here kuti ufunge kuti chinhu chikuru sei munhoroondo yevanhu? Nguva yese inoyerwa nayo. Bhuku iri rese, Bhaibheri, ndiro nyaya yaro. Nhoroondo yese yeTestamente Yekare inonongedzera kwairi, rudzi rwezvinhu zvichauya. Zvino rudzi munhu, nzvimbo, kana chinhu muchitendero chechiHebheru chinofanotaura kana kufanotaura munhu, nzvimbo kana chinhu muSungano Itsva. Nemamwe mashoko, chaive chiratidzo kumashure uko chinofanotaura kana kufanotaura chimwe chinhu pano. Kutaura chokwadi, Testamente Yekare izere nemifananidzo yakanaka. Paunotora nguva yekuona nekunzwisisa, zvinokubatsira kubatanidza hutungamiriri hwaMwari hwakanaka uye unogona kuona kuti nyaya yacho yakafanana munhoroondo yese, ichinongedzera kumhedziso imwe chete.

Mhando dzakanaka kwazvo muTestamende Yekare ndedzinofananidzira muchinjikwa. Unoyeuka here Paseka yekutanga? Sezvo rima redenda rerufu rwematangwe rakafamba-famba muIjipita, zvehokwadi raifananidzira rima masikati eChishanu ichocho seGwayana rakaurayiwa mudzimba dzese dzevaHebheru husiku ihwohwo kuitira kuti ngirozi yerufu ipfuure, ichisiya mhuri iyoyo isina kukuvara. Yakagadzirira nguva yekuti Gwayana chairo, Gwayana raMwari, riurayiwe richibvumira rufu kuti rupfuure pamusoro pevanhu zvakare.

Kana kuti zvakaiteka neAreka yeChibvumirano, Areka yeChibvumirano yakavanzika yatakaunzwa muna Eksodho 25 paGomo reSinai? Unoyeuka here zita rechifukidziro cheAreka yeChibvumirano? Yainzi, "Chigaro cheNgoni." Pa "Chigaro cheNgoni" ichocho kamwe chete pagore, mupristi mukuru aipinda muNzvimbo Tsvene-tsvene neropa regwayana risina gwapa uye aisasa madonhwe eropa paChigaro cheNgoni kuitira kuti chivi chibviswe. Asi paive pamuchinjikwa pakavambwa chigaro chengoni chechokwadi uye apo ropa rechibayiro chakakwana raisangosaswa chete, asi raiyerera raizobvisa zvivi zvese nekusingaperi.

Kana kuti ko vaIsraeri pavakanga vachinyunyuta, vachinyunyuta, vachitadza zvakare, Mwari akavakanda pakati penyoka dzine uturu, vakarumwa, vachiurayiwa. Ipapo Mosesi, mushure mekunyengerera, akagadzira nyoka yendarira, akaiisa padanda, akaisimudza. Kuporeswa kwavo kubva murufu rwaive pachena uye kwaiwanikwa nemunhu wese. Asi vaifanira kutora matanho. Vaifanira kuitarisa kuti vararame. Asi mukuita izvi havana kuwana mushonga nekuti waive wakasununguka kune wese. Nekutarisa nyoka yendarira, havana kushanda asi vakatora matanho kuti vararame. (Numeri 21) Jesu akati muna Johane 3, senyoka yendarira iyoyo, "Kana ndikasimudzwa, ndichakwevera vanhu vese kwandiri." Ndingakupa mamwe makumi maviri nemakumi maviri, asi Testamente Yekare yakaita sechiratidzo chikuru chine museve uchiti, "Nzira iyi kuenda kumuchinjikwa. Nzira iyi kuenda kumuchinjikwa."

Zvino Jesu paakauya, akararama nekuda kwazvo. Akararama nekuda kwemuchinjikwa.

Kubva pamazuva ake ekutanga, muchinjikwa wakamuvigira mumvuri. Kubva pazuva raakauya munyika ino muBhethlehem makanga musina nzvimbo muimba yeveani. Wakanga uchiti ipapo ipapo, "Hapana nzvimbo yako munyika ino. Hauzowani nzvimbo yekugara pano. Ucharambwa uye ucharovererwa pamuchinjikwa."

Mavhangeri anotipa nhoroo dzakasiyana-siyana dzajesu achifanotaura nezverufu rwake. Ndinofunga nezvaMateo 16 apo iye nevadzidzi vake vaimbozorora zvisoma paKesaria, Firipi. Jesu akabvunza kuti, "Munofunga kuti ndini ani?" Mushure mekunge vataura fungidziro, vachitaurirana zviri kutaurwa nevamwe, Petro akamutarisa ndokuti, "Ndimi Kristu, ndimi Mwanakomana waMwari mupenyu." Jesu akati, "Wakaropafadzwa iwe Simoni, mwanakomana waJona, nekuti nyama neropa hazvina kukuzivisa izvi, asi Baba vangu vari kudenga." Jesu achiziva zvino kuti varume vaizoenderera mberi nezvaizofira vakanga vava kutanga kunzwisisa. Vhesi 21 inoti, kubva ipapo, Jesu akatanga kutsanangurira vadzidzi vake, kuti anofanira kuenda kuJerusarema kundotambura zvinhu zvakawanda nemaoko evakuru, vapristi vakuru, nevadzidzi veMutemo; kuti anofanira kuurayiwa uye kumutswa pazuva rechitatu.

Akataura zvimwe chete muna Mateo 17, 20, 21. Muna Mateo 26 ipapo *Kudya Kwekupedzisira*, Akavaudza zvakare kuti, "Ndava kuda kuurayiwa." Mumaawa mashoma iwayo muBindu reGetsemane, akakotama nechiso chake ndokubvunza kana paiva neimwe nzira, aiziva kuti ndiyo yaive mugumo uyu waakazvarirwa. Muchinjikwa ndiwo wakauya kuna Jesu pano, uye aigara achiziva.

Testamente Itsva yese inozviratidza. Pauro akati, "VaJudha vanoda zviratidzo zvinoshamisa uye vaGiriki vanotsvaga uchenjeri, asi isu tinoparidza Kristu akarovererwa pamuchinjikwa: chigumbuso kuvajudha uye upenzi kune vahedheni." (1 VaKorinde 1:22, 23) "Nokuti ndakatsunga kusaziva chinhu pandakanga ndiri pakati penyoka kunze kwaJesu Kristu uye iye akarovererwa pamuchinjikwa." (1 VaKorinde 2:2) "Ngandirege kuzvirumbidza kunze kwemuchinjikwa waShe wedu Jesu Kristu." (VaGaratiya 6:14) Unoona zvirevo zvitatu izvozvo here? Pauro akati, "Chandinoziva chete ndiKristu akarovererwa pamuchinjikwa." Ipapo akati "Chandinoparidza chete ndiKristu akarovererwa pamuchinjikwa." (1 VaKorinde 1:23) "Chandinozvirumbidza nacho chete muchinjikwa waKristu, Jesu akarovererwa pamuchinjikwa."

(VaGaratiya 6:14) "Kuti ini ndirarame ndiKristu, uye kufa kwaizova pfuma" nekuti akarovererwa pamuchinjikwa.
(VaFiripi 1:21)

Vanhu, munopfuura neBhaibheri, Testamente Itsva, mharidzo dzese dzakaparidzwa naPauro kana Petro muchaona, imwe neimwe yakatarisana nekurovererwa pamuchinjikwa nekumuka kwaJesu. Saka ingave Testamente Yekare, Testamente Itsva kana Bhaibheri rese, muchinjikwa ndiwo musimboti.

Makore apfuura muBritish Royal Navy mungarava dzavo huru dzekufambisa, tambo yebhuruu yairuka pakati petambo yaizoshandiswa kusimudza seiri huru nekuti vaida kuti tambo iyoyo ionekwe. Kana vaida kuisimudza panguva yenjodzi, kuti vatize muvengi kana kuti vadzivise dutu, vaitsvaga tambo ine shinda yebhuruu pakati payo. Muchinjikwa unofanira kunge wakadaro. Unogara uchionekwa uye unowanikwa nyore nyore. Ndicho chinhu chikuru, kwete mubhuku rino chete, asi muhupenyu pachahwo. Unofanira kunge uri pakati pezvese zvatinaita; pakati pamararamiro edu, pakati pehupenyu hwedu hwepamba, pakati pehupenyu hwedu hwebasa uye muhupenyu hwedu hwechikoro. Kana tikambobvisa Jesu nemuchinjikwa wake pakati, tinorasikirwa nezvose.

Wakamboona zviratidzo pazvinyorwa zvakanyorwa kuti, "Waya yemagetsi yakavigwa pano here?" Ndizvo zvinoreva zvirevo zvemuchinjikwa. Ukasvika pane chimwe chezvirevo izvozvo, unochera pasi uye pane simba ipapo—simba guru muhupenyu hwedu kana tikatora nguva kuti tinzwisise. Mashoko ekupedzisira ajesu aiva ekuti "Zvapera." (Johani 19:30) Chii chapera? Hurongwa hwaMwari hwekudzikinura vanhu vose hwapera. Kutya rufu kwevanhu kwapera. Simba remhosva rapera. Kusaziva mangwana kwapera.

Zvidzidzo zvinotevera munhevedzano iyi zvichatarisa pamashoko manomwe anoshamisa akataurwa neMwanakomana waMwari ari muchimiro chemunhu. Handizive nezvako, asi kwandiri, hapana chinoshamisa kupfuura zvese zvemutambo weumwari watinoti muchinjikwa kupfuura mashoko manomwe akataurwa naJesu. Waizoti kudii kana waive munzira yekuuraiwa? Dai kwaizova kurangwa kunononoka sekwakagamuchirwa naJesu, waizoti kudii pawaive wakaturikwa pamuchinjikwa?

Jesu akanyatsosarudza mashoko aaizotaura pamuchinjikwa iwoyo. Akanga asiri mashoko asina kurongeka akangotaurwa nemunhu akafira kutenda. Aiva mashoko aMwari pachake kuti atipe ruzivo nezvehudzamu husinganzwisike hwechinoreva muchinjikwa waakaturikwa pauri.

1. **Baba, varegererei nekuti havazivi zvavanoita** .(Ruka 23:34)

Mashoko iwayo eruregerero. Kune vateereri ivavo vepakarepo, asi akapararira kupfuura iwo.

2.Nhasi uchava neni muparadhiso .(Ruka 23:42, 43)

Jesu akatendeukira kubavha ndokutaura mashoko ekugamuchira tsotsiwo zvaro, munhu wekupedzisira panyika waungafunga kuti anofanira kunge ari muparadhiso pazuva iroro. Munhu, akasiyana naJesu, aivepo nekuda kwemhosva dzaakaita.

3.Mukadzi anodiwa, heuno mwanakomana wako, uye kumudzidzi (Johani),Amai vako ndivo ava. (Johani 19:25)

Mashoko ekunyaradza, kunyangwe ari pakati pekurwadziwa kwake, mashoko akanaka ekunyaradza.

4.Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiyireiko?

(Mateo 27:46)

Mashoko iwayo anorevei? Mashoko ekuparadzana, kuparadzana kunotyisa asi kuparadzana kwaifanira kuitika kana tichida kurarama nekusingaperi.

5.Ndine nyota (Johani 19:28)

Mashoko evanhu anotiratidza kuti Jesu akanga asiri munhu anotyisa, akanga akafanana newe neni. Airwadziwa, aiva nenyota, aiva nenzara uye ainzwisisa kurwadziwa kwedu.

6.Zvopera. (Johani 19:30)

Mashoko ekukunda. Mashoko makuru kupfuura ose akambotaurwa.

7.Ndinoisa mweya wangu mumaoko enyu (Ruka 42:36)

Mashoko makuru ekuzvipira kwekupedzisira.

Muchinjikwa ndiwo musimbote wekutenda kwedu. Ndiwo musimbote wezvatinomiririra. Ndicho chikonzero chega chekuti tiungane sevanhu vekutenda.

Ndakasangana nemufananidzo wemazuva ano vhiki rino wandinofunga kuti unoratidza chinzvimbo chevanhu vakawanda, uye machechi akawanda. Mufananidzo wacho unotaura nezvechechi yakavaka chivako chitsva. Vakachiita kuti chive chakanaka zvikuru uye seri kwenzvimbo yepuratifomu vakaisa chikwangwani chaiti, "Tinoparidza Kristu akarovererwa pamuchinjikwa." Ipapo pasi mukona yepasi vakaisa muti mudiki une hari, mumwe wemizambiringa iyi inokambaira yaizokwira pamadziro kuti ishongedze. Nekufamba kwenguva, muzambiringa wakatanga kukura uye pawaikura ungano yakatanga kugadzikana. Mushure mechinguva yakafukidza izwi rekupedzisira rekuti "akarovererwa pamuchinjikwa."

Chikamu chinoverengwa chechiratidzo chaingoratidzwa chete, "Tinoparidza Kristu" zvechokwadi kwete muchinjikwa chete Jesu akanaka aifarira magariro evanhu uyo akaratidza tsitsi pane zvese zvinodiwa. Asi muzambiringa wakaramba uchikura uye ungoro yakaramba ichifara uye mushure mechinguva, mazwi ekuti, "Tinoparidza," chete ndiwo airatidza. Pakupedzisira vakanga vangokanganwa nezvaKristu. Pfungwa yese yaive evhangeri yevanhu, chitendero chevanhu chinopindura zvinodiwa nevanhu, chichitsvaga chero mhinduro, asi kwete muchinjikwa. Pakupedzisira muzambiringa wakaramba uchikura kusvika chasara chete izwi rekuti, "Isu." Ndinonyengetera kuna Mwari kuti muhupenyu hwedu, tichiri kuzivisa Kristu akarovererwa pamuchinjikwa.

Kana uri kushamisika kuti muchinjikwa ndiwo musimbote wehupenyu hwako, pindura mibvunzo mitatu iyi iri mumoyo mako nhasi.

1. Muchinjikwa unokupfugamira here nekutenda? Unowira pasi pamberi paizvozvo wotenda Mwari here nekuti masuo ekudenga akavhurika nekuda kwazvo?

2. Muchinjikwa unokusunungura kubva pamhosva here? Kana kuti uri kutakura zvakanwanda zvacho; usiri kuisa mhosva pamuchinjikwa kuti uite basa rawakarongerwa kuita?

3. Muchinjikwa unokukonzera kuti uzvipe kuna Mwari zuva nezva here? —Uri kufa pamuchinjikwa wako wega here uchirega Kristu achirarama mauri?

Kana usingakwanise kupindura mibvunzo mitatu iyoyoyi nhasi sezvaungade, ndinotarisa uye ndinonyengetera kuti panosvika nguva yatinopedza nhevedzano iyi, hupenyu hwako hwachinja..Chidzidzo cheNyasha Inoshamisa #1250 Steve Flatt - Kukadzi 18, 1996